

Suara Merdeka 17 Januari 2010
ORA NGLEGEWA MARANG UKUM JAWA
Dening Suwardi

ING tanah Jawa, ukum wis ana wiwit jaman jambejuja. Jaman Jawa kuna wis ana preman, rampok, tukang dhemenan, tukang maeka, lan liyane, mula njur diwenahi ukum. Ukum iku rajeg. Ben wong Jawa ora nubras-nubras, dirajegi. Ukum dadi rajeg wesi. Ning dhasar bathara Kala, Dasamuka, lan setan gundhul ki ngglibet terus, wong Jawa tetep merkengkong. Akeh sing mblegudhug monyor-monyor ngadhepi ukum.

Paukuman tumrap wong Jawa, sangertiku ana telung werna. Sepisan, ukum karma (ngundhuh wohing pakarti). Ukum isih dipasrahake marang panguwasane Gusti. Ukum iki asring disebut karmapala. Ukum iki asring diarani bebendu utawa siksa. Tekane ukum iki, ora taha-taha, ora bisa ditolak, diemohi, lan ora pilih sih. Wong Jawa duwe unen-unen sapa nandur ngundhuh.

Ukum wujud karmapala jane sing luwih esensial. Ning merga tekane sok ora cetha, wong Jawa ora gage nglegewa. Mula sok akeh sing nerak. Malah ana sing wani sumpah-sumpah sing nyengkok basane Resi Dorna, mblegudhug. Mangka jane atine sing paling lembut ngerti yen melu ngorak-arik dhuwit negara. Ngene iki, sok ora pati didhadha. Njur ana sing olehe monyor-monyor, kekudhung walulang macan (panguwasa), pengin wisuh seka perkara. Ketang jane, yen mengko ketaman ukum karma, lagi krasa (kapokmu kapan!).

Kapindho, ukum kuwasa, tegese sapa sing kuwat (power), sing wenang lan menang menahi ukuman. Ukum siji iki, nyengkok donyane kewan. Wis ta, gatekna Dongeng Sato Kewan karyane Prijono Winduwinata upamane. Iku potret ukum kewan, sing asring dicakake ing jagad Jawa. Mula seka iku, ana unen-unen asu gedhe menang kerahe. Kera ing kene, tegese uga gegayutan karo ukum. Yen kuwat lan kuwasa, sing saiki owah dadi people power, dawa brengose, kandel sake, empuk kursine, bakale menang ngadhepi ukum. Waton mblegudhug, nyakar kana, mengkal kene, mbrakot kono, lha kewan kok. Haratayah!

Katelu, ukum dhendha utawa pidana. Yaiku ukum tumrape wong Jawa sing dipasrahake raja. Mula raja duwe hak ngecakake sama, beda, dhendha. Dhendha, ateges ngukum tumrap sing salah, ora botsih. Raja sing ngono iku diarani bisa nyakrawati mbaudhendha. Ukum seka ratu gung binathara, sok ditampa ngono wae dening kawula.

Ing lakon wayang Sesaji Raja Suya, ana raja sewu negara sing dikendharat, diukum dening prabu Jarasandha. Nalika Jaka Tingkir dianggep nggonjak Rara Sampur, uga dipatrapi ukum. Dheweke dilorot anggone dadi tamtama. Ning merga mlebudhuge ki Buyut Banyubiru, nganti muncul Dhadhungawuk, Jaka Tingkir klakon mukti. Pangeran Tejaningrat uga tau dianggep luput dening ramane, Cakraningrat, merga dianggep nggebang Rara Hoyi. Ya merga kuwi, Tejaningrat diukum, kudu nggolek “sarunge” pusaka, ning malah wusanane Rara Hoyi sing nubruk pusaka iku, tiwas. Samono uga Panembahan Senapati uga tegel ngukum mantune dhewe, Ki Ageng Mangir, kanthi njeglugake sirahe Mangir ing watu gilang. Kabeh sarwa lumaku kanthi pawadan mblegudhug monyor-monyor, menang-memange dhewe. Sajake dha lali yen Gusti ora sare.

Biyen ukum ora mung mbreh-mbreh. Ukumane ratu, getih takerane. Ning kemonah, rekadaya sing mbelegudhug – ben ora kecakot ukum, terus mili. Kabeh pengin wisuh

seka perkara. Satemene, ukum Jawa iku jejeg. Konsep sing diwangun yaiku temen, nglurusake jejeging adil. Mula seka iku wataking narendra ana sing kasebut Mahabeg adil paramarta. Ukum mau sekawit dadi angger-angger. Tugase ukum yaiku nglungguhe jejeging adil utawa ambebeneri. Ana ing serat Nawala Pradata Dalem, wus kacethakake menawa ukum iku mesthi ditampa kanthi ikhlas, ora nggrundel. Wong sing diukum, ben kapok, ora kok malah nggladrah.

Eloke, ukum pradata lan ukum pidana iku tetep ngemu mblegudhug. Jaman para dewa, bathara Guru tau ngincim Pandudewanata. Njur ana lakon Pandhu Suwarga. Pandhu dianggep luput marang dewa, njur diukum, dicemplungake kawah candradimuka. Kawah ing kene kiraku ora beda karo lembaga pemsarakatan (pakunjaran) sing kelas jembel, dudu kelas elit.

Ukum, kadhang ditrapake sing ora salah, rak monyor-monyor ta? Wong bisa dianggep salah. Jaman kisah Palguna-Palgunadi meguru karo resi Kumbayana piye. Jejerung murid, Palguna tau ditugel jenthike dening sang mblegudhug monyor-monyor, merga dianggep kleru marang guru. Iki uga ukuman. Guru bisa ngukum muride. Samono uga kang dumadi ing jaman saiki. Ana guru sing ngukum (nyetrat) muride, merga ora nggarap “PR”, kon ngadeg ing kelas. Murid mau merga saking wedine, ana sing kepuyuh-puyuh. Wis ngono kuwi, ana guru sing malah “lega”, bisa ngukum. Durung meneh guru olah raga, asring ngukum muride sing telat, kon push up, embuh ping pira.

Wiwit bocah-bocah Jawa dolanan bingkat, gobag sodor, engklek, mul-mulan, macanan, asring ana ukuman. Sing kalah kon nggendhong utawa nyengklak. Bareng tekan gedhe, ora sah kaget, yen bocah mau njedhul memorine, kudu menahi ukuman marang anak putu sing mbandhel. Dadi, ukuman mau pancen diangkah ben sing nglakoni ora mung kapok lombok.

Wong tuwa uga asring menahi ukuman marang bocah, sok kebablasen. Ana wong wadon sing tegel nyethot, nyiwel, nggablog marang anake dhewe sing dianggep luput. Dene bapake ana sing njotos, ngantem, nabok, ndugang, kanggo ngajar bocahe dhewe. Ukuman kang karepe karo ngajar ngene iki, uga asring dadi bumerang. Merga bocah sing kena ukuman ngono, kayadene diwejang kahanan, suk yen dadi wong tuwa uga ana sing males ukum. Dhasar anake kenthus, wong tuwane ketus, padu rame ngadhepi ukum mau. Kabeh mbrudhul mblegudhuge, emoh kedilat ukum.

Ukuman sosial kadhang ora kalah abot. Merga, ukuman siji iki ora ana wates kang cetha. Dakritani. Iki kedadeyan sawijining pensiunan guru ing Sewon Bantul, nalika arep mangkat kaji kena ukuman sosial. Gara-garane mung sepele. Dheweke nembok dalan lor omahe, merga jengkel karo kaji lor dalan, sing dianggep ngesur kikis. Dalan sing wis dikonblok warga kampung kasebut, ndadak ditembok telung prapat meter. Dalan iku, saiki dadi ora kena kanggo liwat truk lan bus.

Padu rame, ting blegudhug, golek bener, ora karuwan juntrunge. Kabeh pengin mlayu seka ukum. Merga warga kampung kayadene wis diidak-idak ajining dhiri, dalan apik-apik kok ditembok, metu gempunge, akhire sing nembok ditibani sangsi. Sangsine aneh, dheweke ora tau diundang kendhuren, ora dijak apa ta apa, malah nalika arep pamit kaji, wong kampung kon masak emoh. Wong kampung ora ana sing gelem teka. Yen ewuh, ora bakal ditekani kampung. Malah wis diputuske ukuman kampung, yen dheweke mati arep dikubur thok, ora arep ditekani pangrukti laya liyane, kayata nelung dina.

Isih akeh sangsi paukuman sing wujud moral. Yen nganti ora kuwat, bisa njalari sing nglakoni ngenes. Arep ngerti? Ana dhosen kondhang kaloka sing tangane “nggrathil” karo mahasiswa putri. Nganti tekan sidhang senat, mutusake dhosen kuwi kudu diukum (pecat). Ana meneh, dhosen sing dha slingkuh karo mahasiswine, nganti meteng. Ukumane, dhosen kasebut, pangkate didhunke, usulane “profesor” diendheg, lan ana sing ukumane dicuthat seka kampus. Sing ngono iku cacaha atusan (sing konangan). Dhasar kucing didhepi gereh! Uh!

Wong sing dha kerangkat, konangan melek-melekan, dadi bandan, sok adu-adu, mlonyo rembug, apus krama kebak mlegudhug monyor-monyor, ben slamet. Luwih-luwih ukuman moral lan sosial, biasane klebu remeng-remeng, njur gampang diothak-athik. Totohane mung ajining dhiri lan rai, mula kanggone sing rai gedheg, sok dhandhang diunekake kontul, ora rumangsa kleru. Tur meneh, akeh-akehe bebandan mau ana sing nyepelekake. Lha piye, genah slingkuh konangan, wis diantemi, isih diarak “wuda”, ora kapok. Ukuman wirang isin ngono sok ana sing nganggep entheng. Kamangka, jan-jane awake wis kaya uwuh, ora ana ajine. Jane, dheweke wis kekubur. Wis ora kecathet ing kamuse wong kiwa tengene.

Wis, ora isin yen njereng wirang ngono? Dadi pesakitan, kok ya tetep kegedhen sirah. Njaluk diukum apa wong Jawa. Arepa mukir, nutup-nutupi, gedheg, ethok-ethok “lali”, obral mblegudhug, wow, pendheman bathang kuwi jare simbah tetep mambu. Karomeneh, Gusti ora sare Thole, kok ya isih akeh dhemen dolanan ukum. Persis unen-unen gajah ngidak rapah. Gawe ukum dhewe, dilanggar dhewe. Rak mung nggugu wudele ta? Mangga, yen ana sapudhendha. Sasuwene wong nginang meneh, yen isih tetep dha puguh mblegudhug jajal ana apa? O, lole-lole, hawelo-hawelo!***

*)Suwardi, mulang Sejarah Kebudayaan Jawa, ing FBS UNY